



Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, LIDÈ BIZNIS NAN VIL NOUYÒK YO AK PWOKIRÈ DISTRI YO METE PRESYON POU LWA DEKOUVÈT KI PI FÒ POU KONBAT VÒL ÒGANIZE KONT KOMÈS AN DETAY

Rejè ka vòl yo double nan Vil Nouyòk apati 2019-24 apre pasaj refòm dekouvèt yo

Pwopozisyon Gouvènè a pou rasyonnalize pwosesis dekouvèt la pral mete fen ak reta pwosedi yo epi anpeche ranvwa otomatik nan ka vòl kont komès an detay yo

Pwopozisyon an bati sou plan senk pwen Gouvènè Hochul la pou konbat vòl òganize kont komès an detay

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te kanpe ak lidè biznis yo ak Pwokirè Distri yo pou mande chanjman esansyèl nan lwa dekouvèt Nouyòk yo ki ta pral amande refòm yo te adopte an 2019 epi sèvi kòm yon lòt zouti pou konbat vòl kont komès an detay. Dènye efò Gouvènè a bati sou efò li pou etabli nouvo pwoteksyon kont vòl òganize nan komès an detay ki te siyen an lwa ak Bidjè pou Ane fiskal 2025 la kòm yon pati nan plan senk pwen li pou konbat krim sa yo.

"Vòl nan komès an detay yo menase sekirite piblik epi ogmante pri pou tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te klè depi nan premye jou a: Mwen p ap sispann goumen pou m adopte yon Bidjè Eta ki priorite abòdabilite ak mezi kle pou sekirite piblik. Nou pa kapab kite twou vid knan lwa dekouvèt nou yo domaje pwogrè nou te fè nan konbat vòl òganize nan komès an detay epi mwen rete angaje nan avanse chanjman kle nan lwa dekouvèt yo pou rann otè krim yo responsab."

An 2024, Gouvènè Hochul te siyen an lwa yon eleman kle nan [plan senk pwen pou konbat vòl òganize nan komès an detay](#) li a. Pwoteksyon sa yo enkli plis pase 40 milyon dola pou ekip kont vòl komès an detay ki devwe nan Lapolis Eta a, biwo Pwokirè Distri yo ak fòs lòd lokal yo ki devwe pou konbat vòl òganize nan komès an detay. Plan an bay tou yon [kredi taks 5 milyon dola](#) pou ede ti biznis yo investi nan mezi sekirite adisyonèl, tankou kamera, epi ogmante penalite kriminel pou nenpòt moun ki atake yon travayè ki vann an detay pou soti nan yon deli pou vin yon krim.

San chanjman nan lwa dekouvèt Eta Nouyòk yo, efò pou anpeche vòl òganize ak diminye krim atravè eta a pral rate objektif yo te prevwa. Nan Vil Nouyòk, kantite rejè

pou vòl la te double soti nan 3,385 an 2019 a 7,168 an 2024. An 2024, yo te rejte 25 pousan nan tout arestasyon vòl yo nan Vil Nouyòk, yon ogmantasyon siyifikatif pa rapò ak 14 pousan an 2019.

Pwokirè Distrik Manhattan lan, Alvin Bragg te deklare, "Manhattan se kapital komès an detay nan mond lan epi biwo nou an ap konbat vòl an detay ak pouswiv moun ki angaje yon fason repete nan aktivite kriminèl sa a. Chanjman siyifikatif nan dekouvèt ta pral ede anpil nan abòde residivis nan espas sa a epi mwen remèsye biznis enkwayab Manhattan yo ak Gouvènè Hochul paske yo defann solisyon dekouvèt sans komen ki asire sistèm jistis kriminèl nou an jis, efikas, epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Pwokirè Distri Brooklyn lan Eric Gonzalez te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak Lejislati a paske li te angaje dirèkteman ak pwokirè yo pou yo konprann enpak reyèl la nan lwa dekouvèt aktyèl la. Refòm sa yo te fèt pou asire jistis pou moun yo akize de krim, men an pratik, nou te wè yo rejte ka grav yo akòz vyolasyon minè dekouvèt teknik ki pa prejije defans la. Gouvènè a ak lidè lejislatif yo te montre yon gwo angajman pou travay avèk nou sou yon solisyon ki pwoteje dwa akize yo pandan y ap asire ke yo p ap refize bay viktim yo jistis. Mwen gen konfyans nou pral rive jwenn yon akò ki byen ekilibre."

Avoka Distri Queens lan, Melinda Katz, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Prezidan Asanble Carl Heastie ak Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins paske yo te jwenn yon tèren dantant sou lwa dekouvèt Nouyòk yo. Yo te rejte plizyè milye ka nan tout eta a pou vyolasyon teknik lwa dekouvèt la — epi bon sans te di nou sa te oblije chanje. Chanjman sa yo pral prezève dwa akize a pandan y ap ede amelyore sekirite piblik ak pwoteje viktim yo. Nouyòk gen lwa dekouvèt ki pi transparan nan Etazini epi chanjman sa yo pral pwoteje deziyasyon sa a."

Pwokirè Distri Konte Richmond an, Michael McMahon, te deklare, "Menm jan ak pifò Nouyòkè, mwen kwè ke kilpabilite oswa inosans yon akize ta dwe deside sou lejitimite ka a, pa sou detay teknik ak mankman. Reyalite ki tris la se ke lwa dekouvèt aktyèl Eta Nouyòk yo pèmèt moun ki fè twòp krim, ki gen ladan moun ki se residivis nan ka vòl nan komès an detay, abizè domestik, ak delenkan ki pi grav, pou yo chape anba konsekans pou aksyon kriminèl yo pandan yo rejte plizyè milye deli yo atravè Eta nou an pou kesyon minè ak dokiman ki pa enpòtan. Reyalite sa a anpeche viktim yo, sivivan yo ak fanmi yo pa janm resevwa jistis ak akize yo pou yo pa responsab pou krim pa yo nan tribinal la. Sa vle di, nou kwè ke gen limyè nan fen tinèl la, epi ke chanjman yo ap vini. Amandman Gouvènè Hochul pwopoze yo nan lwa dekouvèt nou yo ofri yon chemen ki gen bon sans ki pral retabli responsablite nan sistèm jistis kriminèl nou an pandan y ap toujou kenbe pozisyon diferan Eta Nouyòk kòm eta ki gen lwa dekouvèt ki pi ouvè ak transparan nan nasyon an. Pandan negosyasyon Bidjè Eta a ap kontinye, mwen felisite Gouvènè Hochul pou patenarya li ak angajman li pou ranfòse sekirite piblik, epi pou Prezidan Heastie ak Lidè Stewart-Cousins pou volonte yo pou yo chita avèk nou ak yon objektif komen pou amelyore yon lwa ki gen bon entansyon, men ki gen fay."

Jessica Walker, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral nan Chanm Komès Manhattan lan (Manhattan Chamber of Commerce), te deklare, "Vòl nan komès an detay se yon gwo menas pou komès an detay yo nan Nouyòk. Refòm dekouvèt bon sans pral ede asire delenkan ki repete yo resevwa jistis epi yo pa lib pou yo atake menm magazen yo jou apre jou. Kliyan ak anplwaye yo merite pou yo an sekirite."

Deborah Koenigsberger, Pwopriyetè Noir et Blanc, te deklare, "Mwen pa kapab egzajere sou ki pwèn mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman li pou sipòte ti biznis yo. Pwopriyetè ti biznis yo pa gen dwa viktim, epi sètènman sa pa ka repete sou pwèn ke li vin yon pratik. Amandman sa yo pou rasyonnalize pwosesis dekouvèt la, mwen kwè pral dekonpoze pwosesis la epi ranfòse kapasite sistèm jistis la pou fè fas ak move aktè yo pi rapid ak pi efikas."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Chanm Komès Greater Nouyòk la (Greater New York Chamber of Commerce), Mark Jaffe, te deklare, "Nou aplodi tantativ Gouvènè Hochul pou chanje règ dekouvèt konplike Nouyòk yo. Jan règ yo prezante jodi a; yo rejte twòp ka pou detay teknik legal yo. Sa a kite anpil viktim — ki gen ladan revandè manm nou yo — san jistis. Li lè pou nou refòme règ sa yo epi pou yo rann vòlè yo responsab. Gouvènè a vle tou diminye tan detansyon prevantif ak pwosesis ka yo pou bay tout moun jistis yo merite. Tout moun nan chanm lan vle lari ki an sekirite epi sa pral sètènman ede pwoteje kont vòl an detay."

Stuart Appelbaum, ki se Prezidan Sendika Vant an Detay ak an Gwo nan Magazen (Retail, Wholesale and Department Store Union), te deklare, "Manm nou yo nan wòl ki kwaze ak piblik la nan magazen an detay, makèt ak famasi atravè Eta Nouyòk soufri anba asèlman ak vyolans nan espas travay kòm konsekans vòl nan komès an detay. Nou kwè ke efò sa yo, an konjonksyon avèk aplikasyon dispozisyon ki nesèsè yo nan Lwa sou Sekirite Travayè Komès an Detay (Retail Worker Safety Act), pral ede kenbe travayè ki vann an detay yo an sekirite nan travay la. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip kontinyèl li nan abòde pwoblèm enpòtan sa a pou manm nou yo."

Kòm yon pati nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2026 li a, Gouvènè Hochul te pwopoze chanjman, ki te resevwa sipò bilateral nan men ofisyèl eli yo, pwokirè distri yo, sendika yo ak gwoup defansè viktim yo ki ta ka sipòte refòm dekouvèt Eta a ki te antre an vigè an 2020 pandan y ap asire yon sistèm legal ki pi ekitab ak pi jis pou Nouyòk yo.

Gouvènè Hochul te pwopoze chanjman nan Lwa Dekouvèt (Discovery Law) Eta Nouyòk la san modifiye okenn karakteristik esansyèl nan refòm 2019 la, pou asire ekite pwosedi yo, diminye tan pou trete ka yo, redwi longè anprizònman anvan pwosè epi pwoteje enfòmasyon sansib ak pèsonèl temwen yo. Yon fwa ke yo te adopte li, Nouyòk ap toujou genyen lwa dekouvèt ki pi ouvè ak transparan nan nasyon an, ki egzije pou pwokirè yo rasanble materyèl konplè ak divilge li rapidman bay moun ki akize pou yon krim.

Nan kòmansman semèn sa a, Gouvènè Hochul ak Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta Nouyòk te pibliye

yon ansanm rapò ki mete aksan sou enpòtans pou rasyonalize lwa dekouvèt Nouyòk yo pou pwoteje dwa viktim krim yo. Yè, Gouvènè a te kanpe ak fòs lòd yo nan Hudson Valley, li te repete menm apèl pou sipò [Asosyasyon Sheriff Eta Nouyòk \(New York State Sheriff's Association\)](#), [Asosyasyon Pwokirè Distri nan Eta Nouyòk \(District Attorneys Association of the State of New York\)](#), ansanm ak [lidè relijye](#), gwoup biznis, ak [vyolans domestik ak defansè viktim yo](#). Ou ka gade yon videyo eksplikasyon tou kout [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)